

DWA ANPLAYE YO DAPRE LWA SOU NÒM TRAVAY EKITAB LA

SALÈ MINIMÒM FEDERAL

\$7.25 PA È

APATIDE 24 JIYÈ, 2009

Lalwa egzije mèt travay yo afiche postè sa a kote anlwaye yo ka li fasilman

PÈMAN LÈ SIPLEMANTÈ

Omwen 1 fwa 1/2 tarif pa è regilye a pou tout fwa moun travay plis pase 40 èdtan nan yon semèn travay.

TRAVAY TIMOUN

Yon anlwaye dwe genyen omwen 16 an pou l travay nan pifò travay ki pa agrikòl yo e omwen 18 an pou l travay nan djòb ki pa agrikòl Sekretè Travay la deklare ki danjere. Jèn 14 ak 15 an yo ka travay apre lè lekòl nan divès djòb ki pa fabrikasyon, ki pa min e ki pa danjere ak kèk restriksyon nan lè travay yo. Gen diferan règleman ki aplike pou travay agrikòl yo.

KREDI POU TEP

Mèt travay pou «anlwaye ki touche tep» ki reponn ak kondisyon yo ka reklame yon kredi sou salè pasyèl sou tep anlwaye li yo resevwa yo. Mèt travay yo dwe peye anlwaye tep yo yon salè kach ki omwen \$2.13 pa è si yo reklame yon kredi tep kont obligasyon salè minimòm yo a. Si tep yon anlwaye konbine ak salè kach mèt travay li a pa egal ak salè pa è minimòm nan, mèt travay la dwe mete diferans lan.

MANMAN KI NOURIS

FLSA a egzije mèt travay yo pou bay lè poz ki rezonab pou yon anlwaye ki nouris ki sijè a egzijans lè siplemantè FLSA yo pou anlwaye a ka tire lèt nan sen pou timoun k ap pran tete a pandan yon ane apre timoun nan fèt chak fwa anlwaye a gen bezwen pou tire lèt la. Yo egzije mèt travay yo pou bay yon kote, ki pa yon twalèt, zye pa ka wè e kont tout entèvansyon lòt kòlèg travay yo ak piblik la, anlwaye yo ka itilize pou tire lèt.

APLIKASYON

Ministè a gen otorite pou rekipere aryere salè ak domaj enterè nan ka vyolasyon salè minimòm, lè siplemantè ak lòt vyolasyon. Ministè a ka plede epi/oswa rekòmande pouswit kriminel tou. Yo ka enpoze mèt travay yo penalite lajan pou chak vyolasyon kont previzyon lalwa sou pèman salè minimòm oubyen lè siplemantè volontè ki repete yo fè. Yo ka enpoze penalite lajan ak penalite ki sevè tou pou chak anlwaye ki viktim de yon vyolasyon previzyon FLSA sou travay timoun yo. Yo ka enpoze lòt penalite lajan sivil akimile pou chak vyolasyon pou timoun ki lakoz lanmò oubyen blese grav yon anlwaye minè, e pinisyon sa ka double lè yo jwenn vyolasyon sa yo volontè oswa repete. Lalwa entèdi diskriminasyon kont travayè oswa revokasyon travayè ki depoze yon plent oubyen patisipe nan nenpòt pwosesis ki dapre FLSA a.

PLIS ENFÒMASYON

- Gen kèk pwofesyon ak etablisman ki eskli de previzyon sou pèman salè minimòm ak/oswa lè siplemantè yo.
- Gen previzyon espesyal ki aplike pou travayè nan Zile Samoa Ameriken, Zile Commonwealth Marin Di Nò, ak Commonwealth Pòto Riko.
- Gen kèk eta ki bay pi gwo pwoteksyon pou anlwaye yo; mèt travay yo dwe soumèt a tou lè de.
- Kèk mèt travay klase travayè yo kòm «kontraktè endepandan» ki pa kòrèk, lè aktyèlman yo se anlwaye dapre FLSA a. Li enpòtan pou konnen diferans ant toulede paske anlwaye yo (amwenke yo eskli) gen dwa a pwoteksyon pou pèman salè minimòm ak lè siplemantè FLSA a E pou yo klase yo kòrèkteman ke yo pa kontraktè endepandan. Tanpri ale sou sit entènèt Divizyon Salè ak Lè a pou w aprann plis sou sijè sa.
- Yo ka peye kèk etidyan a tan plen, debitan etidyan, apranti ak travayè enfim yo ka peye pi piti pase salè minimòm nan selon sètifika Ministè Travay la emèt.



DIVIZYON SALÈ AK LÈ
MINISTÈ TRAVAY ETAZINI

1-866-487-9243
TTY: 1-877-889-5627
www.dol.gov/whd

